



**PENILAIAN AKHIR SEMESTER SEKOLAH DASAR  
TAHUN PELAJARAN 2021/2022**

**KURIKULUM 2013**

Mata Pelajaran : Bahasa Jawa  
Kelas : 3 ( Tiga )

Hari/tanggal : Jumat, 3 Desember 2021  
W a k t u : 07.30 – 09.00 ( 90 Menit )


**PETUNJUK UMUM :**

1. Tulislah nama dan nomor pada sudut kanan atas pada lembar jawab!
2. Bacalah tiap-tiap soal dengan sebaik-baiknya!
3. Kerjakan lebih dahulu soal yang kau anggap paling mudah!
4. Periksa kembali pekerjaan sebelum kau serahkan pada Bapak/Ibu Guru!

**I. Wenehana tandha ping ( X ) aksara a, b, c utawa d sing paling bener ing lembar jawaban kang cumawis!**

**Wacanen cerita ing ngisor iki kanthi teliti!**

Pandhawa sing nomer telu yaiku Raden Arjuna. Raden Arjuna iku putrane Prabu Pandhu Dewanata lan Dewi Kunthi. Kakange Raden Arjuna sing nomer siji yaiku Raden Puntadewa. Nomer loro yaiku Raden Werkudara. Raden Puntadewa lan Raden Werkudara iku tunggal bapa lan ibu. Arjuna uga nduwe adhi, adhine ana loro yaiku Raden Nakula lan Raden Sadewa. Raden Nakula lan Raden Sadewa iku tunggal bapa nanging beda ibu.

1. Raden Arjuna iku dadi ... Pandhawa.  
a. kakange  
b. pembarepe  
c. panengahe  
d. wuragil
2. Adhine Raden Arjuna yaiku ....  
a. Puntadewa  
b. Werkudara  
c. Pandhu Dewanata  
d. Nakula lan Sadewa
3. Bapake Raden Arjuna yaiku ....  
a. Kunthi  
b. Werkudara  
c. Pandhu Dewanata  
d. Puntadewa
4.  Gambar ing sisih kiwa iki arane ....  
a. Werkudara  
b. Arjuna  
c. Nakula  
d. Sadewa
5. Putrane Prabu Pandhu Dewanata lan Dewi Kunthi, yaiku ....  
a. Puntadewa, Werkudara, Arjuna  
b. Puntadewa, Arjuna, Nakula  
c. Werkudara, Arjuna, Nakula  
d. Arjuna, Nakula, Sadewa



**Wacanen kang pratitis!**

Ir. Soekarno utawa misuwur kanthi asma Bung Karno lair ing Surabaya, Jawa Timur tanggal 6 Juni 1901. Bung Karno iku putrane Raden Soekemi Sosrodihardjo lan Ida Ayu Nyoman Rai. Ramane iku guru, dheweke ketemu Ida Ayu nalika ngajar ing Sekolah Dasar Pribumi Singaraja, Bali.

Ing taun 1926, Soekarno madegake organisasi *Algemene Studie Club* ing Bandung kang dadi cikal bakal madege *Partai Nasional Indonesia* (PNI). Ing taun 1929, Soekarno ditangkep dening Walanda merga kagiyatane ing PNI dirasa bisa mbebayani Walanda nalika iku. Ing penjara Sukamiskin, Soekarno nggawe *pledoi* kang *fenomenal*, yaiku "Indonesia Menggugat" lan ing taun 1931 dheweke bisa bebas saka penjara.

Ing taun 1933, Soekarno ditangkep maneh lan diasingke menyang Flores. Dheweke lagi dibebasake nalika Indonesia dijajah dening Jepang ing taun 1942. Ing jaman penjajah Jepang iki, Soekarno aktip maneh supaya Indonesia bisa oleh kamardikan. Soekarno bareng karo tokoh penting liyane kasil nggawe Pancasila, UUD 1945, dhasar-dhasar pamarentahan, sarta teks *Proklamasi*.

Pungkasane ing tanggal 17 Agustus 1945, Indonesia bisa ngumandhangake kamardikan. Teks Proklamasi diwaos langsung dening Soekarno ing dalan Pegangsaan Timur 56, Jakarta. Ing dina sabanjure, 18 Agustus 1945, Ir. Soekarno lan Mohammad Hatta didhapuk dadi Presiden lan Wakil Presiden Republik Indonesia.

6. Miyose Ir. Soekarno ana ing Kutha ....
  - a. Jakarta
  - b. Solo
  - c. Yogyakarta
  - d. Surabaya
7. Ir. Soekarno bisa nganti dikunjara amarga ....
  - a. dianggep mbebayani karo Walanda
  - b. ngobarake semangat juwang para pemuda liwat tulisan ing layang kabar
  - c. ora gelem manut karo Walanda
  - d. lair saka bangsawan kraton
8. Indonesia mardika ing tanggal ....
  - a. 18 Agustus 1945
  - b. 17 Agustus 2019
  - c. 17 Agustus 1945
  - d. 18 Agustus 2019
9. Ing tanggal 17 teks Proklamasi diwaos langsung dening ....
  - a. Ir. Soekarno
  - b. Bung Tomo
  - c. Pangeran Diponegoro
  - d. R. A. Kartini
10. Ing taun ... Ir. Soekarno madegake organisasi *Algemene Studie Club* cikal bakal Partai Nasional Indonesia (PNI).
  - a. 1925
  - b. 1926
  - c. 1933
  - d. 1945
11. Tembang sing lumrahe ditembangake dening bocah-bocah cilik kang gampang diapalne, yaiku tembang ....
  - a. macapat
  - b. dolanan
  - c. gedhe
  - d. campursari
12. Wong kang pagaweane nembang ing karawitan diarani ....
  - a. niyaga
  - b. empu
  - c. dhalang
  - d. pesindhen
13. Ing ngisor iki kalebu tembang dolanan, yaiku ....
  - a. Bapak Pucung
  - b. Gambuh
  - c. Suwe Ora Jamu
  - d. Pangkur





